

Yon gid pou Amelyore Rekiperasyon w Apre Operasyon nan Entesten

Non Pasyan an _____

Ti liv sa a se pou ede w konprann epi
prepare w pou operasyon w lan.

Tanpri li li byen epi revize li ak fanmi ou ansanm ak
klinisyen ou anvan operasyon an epi pote li avèk ou
jou operasyon an.



Massachusetts General Hospital
Founding Member, Mass General Brigham

CENTER FOR COLORECTAL SURGERY
SANT POU OPERASYON KOLOREKTAL

Dènye Mizajou 06/04/2023

Gade videyo nou an sou
entènèt pou revize
enstriksyon sa yo nan:
www.vidscrip.com/MGHeras



Tab Matyè

Entwodiksyon

Ki sa ki pwogram ERAS-SSI?.....	3
Konbyen tan mwen pral nan Lopital la?.....	3
Konsènan operasyon mwen an.....	4

Anvan Operasyon w la

Kijan mwen ka prepare pou Operasyon mwen an?	5
ERAS ak Tous SSI.....	6
Apèl Telefonik Anvan-Operasyon.....	7
Revizyon Enstriksyon Anvan-Operasyon	8
2 Jou anvan Operasyon an	9
Douch/Beny Anti-bakteri	9

Jou Anvan Operasyon an

Kisa pou Manje.....	10
Preparasyon Entesten.....	11
Antibiyotik	12

Nan Jou Operasyon an

Bwason Sipleman Idrat Kabòn	13
Medikaman.....	13
Lè w rive nan Lopital/Admisyon an.....	14-15

Aprè Operasyon w la

Sal Rekiperasyon/PACU.....	16
Kontwòl Doulè	17
Aktivite: Kilè mwen ka kòmanse bouje, chita, mache?	18
Rejim alimantè: Kilè mwen ka kòmanse manje?.....	19
Kilè yo pral retire katetè pipi mwen an?.....	19
Egzeyat: Kilè mwen ka ale lakay?.....	20
Nòt mwen yo	21



Entwodiksyon

Ti liv sa a fè pati Pwogram Operasyon Kolorektal Partners Healthcare System ERAS (Rekiperasyon Amelyore Apre Operasyon, Enhanced Recovery After Surgery - an Anglè) ak SSI (Rediksyon Enfeksyon nan Sit Chirijikal, Surgical Site Infections reduction – an Anglè) ki se kounye a pratik nòmal pou tout pasyan ki pwograme operasyon entesten yo nan Partners Healthcare System.

Ki sa ki se Pwogram ERAS & SSI?

Pwogram sa a diferan de apwòch tradisyonèl operasyon an e yo montre li **amelyore rekiperasyon pasyan** an apre operasyon an ansanm ak **diminye konplikasyon, diminye kantite jou ou rete lopital la**, epi **redwi reyadmisyon** nan lopital la apre operasyon an. Nou vle ou menm, pasyan an, pou w se yon patisipan aktif tou nan pwosesis rekiperasyon an. Objektif jeneral la se pou ou gen yon pi bon eksperyans chirijikal epi retounen nan nòmal pi vit ke posib. Avèk èd ou, nou ka reyalize objektif sa yo.


Pwogram sa a fèt pou pèmèt ou patisipe aktivman nan rekiperasyon w anvan ak apre operasyon w la. Gid sa a divize an de etap:

Anvan Operasyon w la Apre Operasyon w la

Chak etap nan pwogram sa a konstwi pou minimize doulè ou, evite konplikasyon, epi sa pèmèt pou rekòmanse manje ak fè aktivite pi bonè.

Konbyen tan map rete lopital la?

Si w ap fè operasyon nan kolon epi ou pa gen okenn pwoblèm apre pwosedi w la, ou ka ale lakay depi nan landemen apre operasyon an. Si w ap fè operasyon rektal epi ou pa gen okenn pwoblèm apre pwosedi w la, ou ka ale lakay ou 2 jou apre operasyon w lan.



Konsènan Operasyon Mwen an

Dat Operasyon an: _____


Lè Operasyon an: _____

Tanpri rive 3 èdtan anvan lè operasyon w lan te pwograme

Operasyon Kolorektal
Nimewo Biwo a: _____

Chirijyen ou (yo): _____

Nòt: _____



Anvan Operasyon an

Kijan mwen ka prepare pou operasyon mwen an?



Egzèsis amelyore repons kò a nan estrès ak amelyore kondisyon fizik, ki ede nan rekiperasyon. Si ou pa fè egzèsis regilyèman, li rekòmande pou kòmanse dousman. Egzèsis pa bezwen difisil, menm mache 15-30 minit chak jou pi bon pase pa fè egzèsis.

Li konseye pou manje **yon rejim alimantè miks ki bon pou sante** nan semèn ki presede operasyon an. Sepandan, nan jou ki presede operasyon an, ou ka enkli manje ki gen anpil idrat kabòn (pòm detè, pasta, diri elatriye) ki pèmèt kò ou "chaje ak idrat kabòn", epi pou gen yon rezèv enèji, menm jan kourè maraton fè anvan yon kous.



Li sijere anpil pou w **sispann fimen** nèt omwen 3 semèn anvan operasyon w la, paske sa ap diminye chans pou konplikasyon nan poumon pandan ak apre operasyon an epi amelyore rekiperasyon w. Si w ta renmen plis enfòmasyon sou fason pou w kite fimen, tanpri pale ak doktè w, enfimyè oswa famasyen w.

Evite **konsomasyon alkòl** omwen 24 èdtan (depreferans yon mwa) anvan operasyon ou an.



Planifye davans. Fè aranjman pou yon moun akonpaye w nan moman admisyon an ak nan moman egzeyat la. Fè preparasyon lakay ou anvan pou arive ou apre operasyon an, asire w ke gen ase manje ak pwovizyon. Ou ta dwe kapab mache, manje ak pran swen tèt ou kòm dabitid, men ou ka bezwen kèk asistans siplemantè okòmansman nan men fanmi oswa zanmi, espesyalman pou evite travay difisil imedyatman apre operasyon ou tankou fè lesiv, netwayaj, fè makèt, elatriye.



Anvan Operasyon an


ERAS ak Twous Enfeksyon Sit Chirijikal

Chirijyen w la ap preskri yon “twous” pou w pran nan famasi pou pasyan ekstèn MGH ki nan Etaj prensipal bilding Wang la.

Yo pral preskri w swa Twous #1 oswa Twous #2 selon alèji ou yo. Sèl diferans ki genyen ant twous sa yo se antibyotik ki enkli ladan yo.


Nan twous sa a, w ap jwenn tout sa w ap bezwen pou ede w prepare pou operasyon an, eksepte Gatorade.

W ap jwenn tou yon ti liv nan twous la (foto adwat), ki gen yon plan wout pou w swiv, ki gen ladan enstriksyon de jou an jou. Ou ka jwenn enstriksyon sa yo tou nan pwochen paj la epi n ap pale de li nan tout pake sa a.



NOTE:

Si yo pa te preskri w twous la oswa si w pa t kapab pran twous la nan famasi Ekstèn MGH la, tanpri rele chirijyen w la pou w jwenn lòt enstriksyon. Yo pral mete aksan sou etap enpòtan ki nesèsè pou w prepare pou operasyon k ap vini an.



Anvan Operasyon an

Apèl Telefonik Anvan-Operasyon

Anvan operasyon ou a, w ap resevwa **2 apèl telefonik** pa diferan manm nan ekip chirijikal la ki pral pase sou diferan pati nan swen ou:

1. Apèl telefonik de yon manm ekip anestezi a:

Apèl telefòn sa a pral pwograme davans pou asire ke ou disponib pou pran apèl sa a.


Pandan apèl sa a, yon founisè sante pral:

- Revize ki medikaman ou ta dwe pran jou operasyon ou a epi kilès, si genyen, ki bezwen sispann anvan operasyon an.
- Poze kesyon pou evalye sante ou epi eksplike pwosesis operasyon an.

2. Apèl telefonik de sekretè chirijyen an:

1-3 jou anvan operasyon an, ou pral resevwa yon apèl pou:

- Finalize lè operasyon ou an epi konfime egzakteman a ki lè ou bezwen rive pou anrejistre.



Anvan Operasyon an



Tanpri asire w ke ou gade enstriksyon yo chak jou ki te enkli nan twous ou te pran nan Famasi Ekstèn MGH la. Ou ka revize enstriksyon sa yo tou lè w swiv lyen videyo ki nan paj devan pake sa a.


Sa gen ladann:

- Enstriksyon pou beny/douch pou savonnen ak Chlorhexidine
- Enstriksyon pou preparasyon Mekanik entesten an (GoLYTELY)
- Enstriksyon pou manje ak bwè jou anvan operasyon an
- Enstriksyon pou antibyotik oral anvan operasyon an
- Enstriksyon pou pran yon bwason idrat kabòn nan jou operasyon an

Si w toujou gen lòt kesyon apre w fin revize enstriksyon sa yo epi gade videyo a, tanpri kontakte biwo chirijyen w la.

Vizit adisyonèl posib anvan operasyon an:

Si w ap fè yon operasyon ki pral mande pou yon ileyostomi oswa kolostomi, ou ka gen yon randevou tou ak enfimye swen blesi ostomi yo pou ansèyman anvan operasyon ou an.



Anvan Operasyon an

Anvan Operasyon an


Li rekòmande pou w pran yon douch oswa benyen chak jou ak atansyon avèk pwodui savon Chlorhexidine yo bay la kòmanse 2 jou anvan, jou anvan an, ak nan maten operasyon an (sa vle di, yon fwa chak jou pandan 3 jou. Si yo te fè w teste pou STAPH epi ou pozitif, defere a enstriksyon biwo chirijyen w la bay pou w sèvi ak savon Chlorhexidine ak pomad nen mupirocin. Doktè w ap fè w konnen si w bezwen plis tès. Sèvi ak savon sa a pral ede prevni enfeksyon rive apre operasyon an. Evite raze bavant oswa zòn lenn ou. Pa aplike poud, losyon, deyodoran, oswa pwodui pou cheve apre twazyèm douch la (sa vle di, jou operasyon ou a).

Pa sèvi ak chlorhexidine sou figi ou, tèt, oswa jenital ou.

Pa itilize si w fè alèji ak chlorhexidine. Tanpri notifye chirijyen ou si w fè alèji oswa si w devlope yon reyaksyon lè w sèvi ak yon savon anti-bakteri pito.

Enstriksyon pou douch anti-bakteri:

1. Lave ak chanpou/kondisyonè cheve ou jan ou fè nòmalman anvan ou sèvi ak Chlorhexidine la.
2. Rense kò ou byen ak dlo.
3. Sèvi ak savon Chlorhexidine yo ba ou olye de savon regilye. Pa Sèvi Ak Tou De.
4. Fèmen dlo a pou anpeche rensè savon Chlorhexidine la twò bonè.
5. Lave depi nan kou ale anba. Fè atansyon espesyalman pou w lave pati nan kò w kote yo pral fè operasyon an. Asire w ou lave anndan lonbrit ou – ou ka sèvi ak yon aplikatè si w bezwen l pou ede ak sa.
6. Lave kò ou dousman pou 5 minit.
7. Pèmèt Chlorhexidine lan seche sou po ou pou 1 minit anvan ou rensè l.
8. Ouvè dlo a, rensè byen, epi seche ak yon sèvyèt pwòp.



Jou Avan Operasyon An

Èske m ka manje oswa bwè jou avan operasyon mwen an?

Manje yon maje maten ki byen balanse nan jou avan operasyon an.

PA manje okenn manje solid **APRE** manje maten nan jou **ANVAN** Operasyon an. Ou ka sèlman bwè likid klè pou tout rèz jounen an. Yon likid klè se nenpòt likid ou ka wè atravè (Bwason ki gen lèt, ki enkli lèt ak yogout, ak ji zoranj yo **PA** likid klè.)

- Si operasyon ou an se nan maten, pa manje oswa bwè apre minwi.
- Si operasyon ou an se nan apremidi, ou ka bwè dlo oswa bwason pou espò pou jiska 6 èdtan avan operasyon ou an. 6 èdtan avan operasyon an, PA bwè okenn likid ki pa yon ti gout dlo pou w pran medikaman w yo.
 - **Ou ta dwe konsome bwason idrat kabòn yo ba w la kòmanse 4 èdtan avan epi konplete oswa fini nan pa mwens pase 2 èdtan avan operasyon an.**

NOTE: Tanpri swiv enstriksyon sa yo ak anpil atansyon — si ou konsome manje solid oswa likid ki pa klè pandan peryòd sa a sa ka mete an danje efikasite operasyon ou epi afekte rekiperasyon ou, epi operasyon ou ka menm ranvwaye!


Gade tablo
sivan an pou
egzanp likid klè
ak sa pou evite:

PÈMÈT

Dlo
Ji (san ma)

Te oswa Kafè (san Lèt)

Gatorade (pa wouj)



PA PÈMÈT

Manje solid
Lèt
Yogout

Bwason ki fèt ak lèt
(Smoothies, Krèm)

Ji zoranj



Jou Avan Operasyon An

Preparasyon Mekanik pou Entesten (Laksatif)


Tanpri swiv enstriksyon yo ba w yo lè w pran twous ERAS ou a nan famasi MGH lan. Enstriksyon sa yo tou nan lis anba a. Preparasyon entesten an ba ou pou pou ki lach ak dlo. Se poutèt sa, li enpòtan pou remete likid w ap pèdi akòz laksatif la. Sa a pral anpeche tou nenpòt vètij, tèt fè mal, oswa kè plen. Bwè likid klè jan sa dekri nan seksyon ki anwo a, eseye evite bwason ki gen gaz oswa ki pa gen alkòl nan faz sa a paske yo pa idrate osi byen ke lòt likid tankou dlo oswa ji.

Enstriksyon pou preparasyon mekanik entesten an:

Preparasyon Entesten: Tanpri kòmanse preparasyon an (GoLYTELY) ant **12 midi ak 4 pm**. Tanpri asire w ke ou bay tèt ou ase tan pou ou kapab fini li anvan minwi.

Pou fè GoLYTELY gen pi bon gou, ou ka refwadi li epi ajoute ti kantite sitwon jòn oswa vèt konsantre nan solisyon an. Ou kapab tou itilize pakè Crystal Light yo pou ede bwason sa a gen gou.

Gatorade: Nou ta renmen tou espesyalman pou w bwè yon total de 24 oz Gatorade nenpòt lè jou anvan operasyon an, anvan minwi. Nenpòt gou (menm wouj la / Seriz) bon, depi ke ou pa gen yon kolonoskopi anvan operasyon ou.



Kòmanse GoLYTELY ant 12pm-4pm. Fini anvan minwi.



Bwè 24 oz Gatorade (pa wouj) anvan ou al dòmi.

Preparasyon pou entesten yo fèt pou netwaye entesten ou de nenpòt rès manje oswa rezidi restan. Sa a ede anpeche kontaminasyon pandan operasyon entesten ou a epi redwi chans pou enfeksyon apre sa.

Jou Avan Operasyon An

Antibiyotik Oral

W ap bezwen pran 2 diferan antibiyotik oral aswè anvan operasyon w la. Antibiyotik sa yo enkli nan twous ou pral pran nan famasi MGH la.

Enstriksyon pou antibiyotik oral:

Antibiyotik:

1. Metronidazole 500 mg
Orè: Pran 1 grenn (500 mg) a 5pm, 6pm, ak 8pm nan nwit la anvan operasyon w lan.

OSWA

Erythromycin 500 mg (si ou gen yon alèji a Metronidazole)

Orè: Pran 2 tablèt (500 mg) a 5pm, 6pm, ak 8pm nan nwit la anvan operasyon w lan.

2. Neomycin 1000 mg
Orè: Pran 2 tablèt (1000 mg) a 5pm, 6pm, ak 8pm nan nwit la anvan operasyon w lan.



Dòz #1 te pran:
5pm




Dòz #2 te pran:
6pm



Dòz #3 te pran:
8pm



Antibiyotik yo pral ede prepare kò ou pou anpeche ak konbat nenpòt enfeksyon ki ka rive pandan oswa apre operasyon ou an.



Nan Jou Operasyon an

Bwason Idrat Kabòn

Tanpri swiv enstriksyon ki nan ti liv ki enkli nan twous ou pran nan famasi a konsènan bwason sipleman idrat kabòn lan. **PA** swiv enstriksyon ki sou boutèy yo menm.

Tanpri sonje ke sa a se pa yon preparasyon entesten, kidonk ou pa bezwen enkyete w pou w tou pre yon twalèt. Bwason idrat kabòn yo ba w nan twous operasyon an ak yon ti gout dlo pou w pran medikaman w yo ta dwe sèl bagay ou bwè nan maten operasyon an.

Enstriksyon pou bwason ki gen sipleman idrat kabòn:

Bwè tou de boutèy yo nan jou operasyon an, kòmanse 4 **èdtan** anvan epi konplete oswa sispann nan pa mwens pase 2 **èdtan** anvan operasyon an.

- Bwason idrat kabòn lan **kòmanse 4 èdtan** anvan operasyon a
- Bwason idrat kabòn lan **fini oswa sispann nan pa mwens pase 2 èdtan** anvan operasyon an

** Si w gen dyabèt, tanpri swiv rejim alimantè yo rekòmande w epi pa konsome idrat kabòn nan paske li ka ogmante sik nan san ou.

Medikaman

Tanpri pran sèlman medikaman ekip anestezi a te apwouve pandan apèl anvan-operasyon w lan. Li nòmal pou pran medikaman ak yon ti gout dlo nan maten operasyon an.

Konsome yon bwason ki gen sipleman idrat kabòn anvan operasyon an ap asire nivo sik nan san ou pi konsistan pandan operasyon an, sa ki pèmèt ou menm ak entesten ou refè pi vit epi geri pi vit.



Nan Jou Operasyon an

Lè w rive lopital la:

Pwosesis admisyon:

Tanpri antre nan antre prensipal lopital la oswa antre Wang Ambulatory Care Center a. Kontinye nan 3yèm etaj la nan bilding Wang lan. Ou pral anrejistre nan Sant pou Swen Operasyon (Center for Peri-operative Care – an Anglè) (CPC). Yon fwa ou anrejistre, yon ajan lyezon ap mennen ou nan zòn avan-operasyon an pou tann .

Zòn avan-operasyon:

Isit la ou pral rankontre yon kantite manm nan ekip chirijikal la.

1. Enfimyè:

- Yon enfimyè ki nan zòn avan-operasyon an ap ede w prepare pou operasyon an ak ti liv sa a epi l ap revize atik lis verifikasyon w yo.
- Enfimyè a pral mezire siy vital ou tou ak nivo glikoz la.
- Ou pral rankontre enfimyè ki pral nan sal operasyon an tou.

2. Ekip anestezi a:

- Pral bay medikaman nan bouch pou ede anpeche doulè, kè plen, ak vomisman.
- Mete yon liy ENTRAVENEZ nan venn ou pou bay likid, medikaman oswa san ki nesèsè pandan oswa apre operasyon an.
- Revize opsyon pou jere doulè pandan ak apre operasyon an.

3. Ekip chirijikal la:

- Diskite sou pwosedi w la epi reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid.
- Finalize fòm konsantman yo.

Anestezis la responsab pou pran swen vital ou yo (batman kè, tansyon, tanperati ak respirasyon), ranplasman likid ak san si sa nesèsè, ansanm ak konfò jeneral ou, nivo doulè pandan ak apre operasyon ou.



Nan Jou Operasyon an


Lè w rive lopital la (kontinye):

Sal operasyon:

Ekip la pral ede w monte sou tab sal operasyon an epi y ap fè w alèz pandan y ap kontinye prepare w pou operasyon.

1. **Liy ENTRAVENEZ** – Yo ka mete yon lòt ENTRAVENEZ pou ede ak administrasyon medikaman ki nesèsè pou operasyon. Medikaman sa yo enkli antibyotik, medikaman pou doulè ak medikaman pou kè plen elatriye.
2. **Katetè pipi** - Y ap mete yon katetè pipi nan blad pipi w pou vide pipi. Anjeneral yo retire katetè sa a nan sal operasyon an anvan ou reveye. Si w ap fè yon operasyon ki pi konplèks, katetè a ka rete an plas pou jiska 72 èdtan, sof si ou bezwen yon anestezi epidiral pou kontwole doulè a.
3. Yo pral ba w anestezi epi andòmi w.
4. Ou ka resevwa yon **anestezi epidiral** tou oswa yon blokaj nè, pou ede yo jere doulè a pandan ak apre operasyon an. Anestezis ou a pral diskite sa a avèk ou anvan operasyon ou a.

Sa ki gen nan anestezi epidiral se enjekte medikaman pou doulè nan yon zòn toupre mwal epinyè a. Se anestezis la ki fè sa a. Medikaman sa yo travay pa angoudi nè ou yo pou bay soulajman doulè nan kèk zòn nan kò ou. Anestezi epidiral yo ka itilize pandan operasyon an konbinezon ak sedatif ak anestezi oswa poukont yo tou.



Aprè operasyon an


Sal Rekiperasyon/PACU

Lè operasyon ou a fini, ekip la pral transpòte w nan inite rekiperasyon apre anestezi (PACU). Gen anpil chans w ap toujou gen dòmi anpil ak dezoryante. Sa a nòmal epi li gen rapò ak anestezi ou te resevwa pandan operasyon an. Li pral pran kèk tan pou efè medikaman sa yo fini nan kò w.

Ou pral pase omwen 2 èdtan nan sal rekiperasyon an pandan yo pral ap kontwole w apre operasyon an. Pandan tan sa a, ou ka atann pi fò nan bagay sa yo:

- Enfimyè yo ap tcheke siy vital ou yo souvan - tansyon, batman kè, respirasyon ak tanperati, nivo glikoz nan san ak blesi ou ak pansman ou.
- Ekip anestezi a ap tcheke nivo doulè ou.
- Ou ka gen yon epidiral an plas pou kontwole doulè ak/oswa yon blokaj nè espesyal ki kontwole doulè ensizyon chirijikal la.
- Toujou ap resevwa oksijèn – swa nan nen ou oswa nan yon mask
- W ap konekte ak yon ENTRAVENEZ pou likid ak medikaman pou doulè

Yon fwa ou fin etabli nan PACU a, 1-2 manm fanmi/zanmi yo ka gen dwa vizite pou yon ti tan. Lè ekip la santi ke ou stab epi doulè ou kontwole, yo pral transfere ou soti de sal rekiperasyon an a chanm yo asiyen ou an nan sal pasyan yo.




Aprè Operasyon an: Kontwòl Doule


Kontwòl Doule

Yon bon kontwòl doule se yon pati enpòtan nan pwosesis rekiperasyon an. Ou ta dwe espere rankontre kèk doule apre operasyon an. Pa gen okenn fason pou elimine doule a konplètman, men gen yon varyete fason pou ede jere doule ou. Tanpri fè enfimyè w oswa doktè w konnen si w gen nenpòt doule oswa malèz.

Echèl Entansite Doule:



Objektif nou se kenbe doule ou nan yon nivo ki pèmèt ou dòmi ak repoze pi byen, respire pi fasil, kòmanse bouje byen vit apre operasyon an, kòmanse manje pi bonè. Sa a enpòtan paske li ede anpeche konplikasyon tankou boul nan san ak nemoni. Mache kapab itil tou pou retou fonksyon entesten an epi pou mete ou sou wout rekiperasyon an.



Aktivite Apre Operasyon an

Evite mouvman ak kouche nan kabann pou yon peryòd pwolonje ka mennen nan konplikasyon tankou san kaye, maleng kabann ak feblès nan misk. Sa a pral anpeche rekiperasyon ou.

Apre yon operasyon entesten, entesten ou ka sispann fè mouvman pou yon ti tan. Si sa rive, ou ka santi kè plen ak balònman epi sa ka pwolonje rekiperasyon ou. Ou ka evite sa a pa mache souvan ak moulen chiklèt.

Kilè mwen ka kòmanse bouje oswa chita?

Ou ka kòmanse deplase sito ou reveye, sepandan li pi bon pou toujou pwogrese dousman. Se poutèt sa, ou ta dwe kòmanse dabò ak kèk egzèsis janm debaz tankou ajite zòtèy ou, detire janm ou dwat ak vire pye ou. Fè sa yo pou kèk minit chak demi èdtan, epi sa pral ede w retabli pi bonè. Sispann fè sa si li lakòz doulè epi fè enfimyè w oswa doktè w konnen.

3-6 èdtan apre operasyon an:


Ou ka pare pou chita nan rebò kabann lan oswa menm yon chèz menm jou operasyon an. Enfimyè w ap ede w, sitou premye fwa w ap leve. Ou kapab fè yon ti mache tou si ou santi ou byen. Li enpòtan pou toujou gen yon moun tou pre pou asistans paske ou ka fèb ak enstab sou pye ou.

Nan jou apre operasyon an:

Kòmanse nan jou apre operasyon an, objektif la pral pou w soti nan kabann omwen 3 oswa 4 fwa pa jou epi fè ti pwomnad nan koulwa a. Nou espere tou pou w chita sou yon chèz pou manje. Pral gen yon moun pou ede w fè sa depi nan konmansman jiskaske ou gen fòs ase pou leve pou kont ou.

Egzèsis pou respirasyon:

Li enpòtan pou w ka pran yon gwo souf apre operasyon an pou anpeche enfeksyon nan poumon. Pèsonèl enfimyè a ap montre w kèk egzèsis pou respirasyon ki itil. Li se yon bon konsèy tou pou pran kèk gwo souf pandan chak repo komèsyal pandan w ap gade televizyon. Fè ti egzèsis respirasyon sa yo omwen 5-10 fwa pa èdtan pandan w reveye.



Aprè Operasyon an: Kesyon

Rejim alimantè apre operasyon an: Kilè mwen ka kòmanse manje?

Avèk pwogram ERAS la, nou kapab avanse rejim alimantè ou a kòmanse menm jou operasyon an. Le pli vit ke ou reveye epi alèt nan PACU/sal rekiperasyon yo pral otorize ou pran ti kantite likid klè pa bouch.

1. Doktè w la pral deside ki lè li apwopriye pou pèmèt ou kòmanse bwè likid. Kòm yon règ jeneral, likid ENTRAVERNEZ ou yo pral sispann nan 6 èdtan apre operasyon an oswa le pli vit ke ou ka tolere omwen 300 ml likid klè pa bouch.
2. Si ou pa gen okenn kè plen epi vant ou pa gonfle/balonnen, lè sa a, yo pral pèmèt ou avanse dousman nan yon rejim alimantè regilye ki baze sou diskresyon chirijyen ou a. Anjeneral sa fèt nan kòmanse ak kèk manje san gou, tankou pen griye ak ti biskwit anvan ou ale sou plis solid. Ou pa bezwen manje si ou santi ou plen oswa balònman. Li pi enpòtan pou kenbe tèt ou idrate ak likid.
3. Doktè w la ka mande w tou pou w pote chiklèt depi lakay ou pou w moulen pandan 30 minit twa fwa pa jou apre operasyon w lan.

Katetè pipi: Kilè yo pral retire katetè pipi mwen an?

Pou pifò operasyon yo, yo pral retire katetè w la nan sal operasyon an anvan ou reveye de operasyon an. Pou operasyon ki pi konplèks, yo pral retire katetè w la nan lespas 72 èdtan apre operasyon an sof si ou bezwen yon anestezi epidiral pou kontwole doule a.

Yon fwa yo retire katetè pipi a, ou gen dwa ale nan twalèt la pou pipi. Ou ka espere li pran 6-8 èdtan anvan ou santi ou bezwen pipi, ki se nòmal.

Si katetè a rete pi lontan pase sa nesèsè, sa ka lakòz yon enfeksyon nan aparèy pipi a. Sentòm yon enfeksyon nan aparèy pipi yo enkli:

Doulè ak pipi, Pipi souvan, Santi bezwen pou pipi malgre ou gen yon blad pipi vid, Lafyè, ak doule sou bò ou. Fè enfimye w oswa doktè w konnen imedyatman si w gen nenpòt nan sa yo.



Egzeyate de Lopital la

Kilè mwen ka ale lakay?

Pou w ka pare pou egzeyat lopital la, ou dwe fè tout bagay ki endike anba la a:

- Doulè byen kontwole ak medikaman pou doulè pa bouch
- Kapab pran ase likid pou rete idrate

Si doulè ou byen kontwole epi w ap bwè ase, yo pral egzeyate w lakay ou, petèt jou apre operasyon an. Sinon, yo pral obsève w nan lopital la jiskaske objektif sa yo reyalize.

Li PA obligatwa pou w pase gaz oswa fè poupou anvan w egzeyate.

NOTE:

Tanpri planifye aranjman apwopriye pou transpò soti depi lopital la ak swen nan kay la

